# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 जनवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि दुइ हजार चउदह के बाद खेलन में भारत क परदरसन लगतारे बेहतर भइल हौ। आजु बनारस में बहत्तरवां राष्ट्रीय वॉलीबॉल टूर्नामेंट क ऑनलाइन उद्घाटन करत उहां के कहलीं कि भारत दुइ हजार छत्तीस में ओलम्पिक खेलि के मेजबानी खातिर मजबूत दावेदार हौ। उहां के कहलीं कि उनकर सरकार खेलन में कई गो सुधार कइले हौ जेहमें 'राष्ट्रीय खेल प्रसासन अधिनियम' अउर खेलो भारत नीति सामिल हौ।

***स्पोर्ट्स सेक्टर में भी सरकार ने बड़े रिफॉर्मस किए हैं। नेशनल स्पोर्ट्स गवर्नेंस और गवर्नेंस एक्ट खेलों भारत नीति 2025 इस प्रकार के प्रावधानों से सही टेलेंट को अवसर मिलेगा। खेल संगठनों में ट्रांस्पेरेंसी बढेगी। देश के युवाओं को स्पोर्ट्स और एज्युकेशन दोनों ही क्षेत्रों में एक साथ आगे बढ़ने का अवसर मिलेगा।***

प्रधानमंत्री कहलें कि देस क खेल मॉडल खेलाड़ियन के मोताबिक हौ येही नाते बीतल सालन में हम्मन के खेलि में कमयाब रहल हईं। उहां के कहलीं कि सरकार खेलि प्रतिभा क पहिचान, पुरहर ट्रेनिंग, बढ़ियां खानगी अउर साफ–सुथर चयन प्रक्रिया पे धियान दे रहलि हौ। प्रधानमंत्री कहलें कि अब भारत में खेलिन क बुनियादी ढांचो मजबूत हो रहल हौ।

येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि पछिला साढ़े इग्यारह बरिस में पूरा देस, भारत क पुरहर विकास के अपनी आंखि से देखले हौ।

***पिछले साढ़े ग्यारह वर्षों के अंदर पूरे देश ने भारत के समग्र विकास को अपनी आँखों से देखा है। एक नए, बदलते हुए भारत को, जो भारत अपनी विरासत पर आधुनिक विकास पर गौरव की अनुभूति तो कर ही रहा है। आधुनिक इंफ्रास्ट्रक्चर के जिस नए मॉडल को आदरणीय प्रधानमंत्री जी के विजन और दृढ़ इच्छाशक्ति से आज हर भारतवासी उसका लाभ ले रहा है और नए और विकसित भारत की जिस संकल्पना को आदरणीय प्रधानमंत्री जी ने देशवासियों को दिया है, उसको मूर्त रूप से आज वह दर्शन कर रहा है।***

राष्ट्रीय वॉलीबॉल टूर्नामेंट इग्यारह जनौरी ले चली। एहमें देस भर क एक हजार से बेसी खेलाड़ी हिस्सा ले रहल हवें। येह खेलिन से बनारस, राष्ट्रीय खेल मानचित्र में सामिल हो गइल हौ।

**********

केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहले हवें कि मनरेगा भ्रस्टाचार क एगो पर्याय बनि गइल रहे, जहवां मजुरहन के दरकिनार कइ के उनकर सोसण कइल जात रहे। आजु नई दिल्ली में संवाददाता लोगिन से उहां के कहलीं कि कांग्रेस विकसित भारत रोजगार अउर आजीविका गारंटी मिशन–ग्रामीण–'जी–राम–जी कानून' के ले के जनता के गुमराह कइ रहलि हौ। उहां के आरोप लगवलीं कि कांग्रेस मनरेगा के नाहीं बलुक एहमें हो रहल भ्रस्टाचार के बचावल चाहि रहलि हौ। उहां के कहलीं कि बड़हन बजट के बवजूदो मनरेगा कउनों स्थायी सम्पत्ति बनावे आ चाहे गांव के पुरहर विकास के बढ़ावा नाहीं दिहलस। नया विधेयक से मजुरहन क आरथिक हालति बढ़ियां होई अउर ऊ गांव में सारथक जोगदानों दे सकिहें।

**********

निर्वाचन आयोग ई.सी.आई–नेट ऐप में सुधार बदे लोगिन से सुझाव मंगले हौ। येह ऐप पर दस जनौरी ले सुझाव दीहल जा सके ला। आयोग ओटरन के बढ़ियां सेवा अउर चुनावी जनकारी देवे बदे ई डिजिटल मंच तइयार कइले हौ।

**********

बरिस दुइ हजार पचीस भारत क विकास जतरा में एगो निर्णायक कालखण्ड रहल हौ। ई बरिस देस के आगे बढ़ले में कई गो नीतियन क खास जोगदान रहल अउर मजबूत इरादन से बढ़ियां नतीजा निकरल। बिसेस श्रृंखला 'सुधारों का वर्ष' में आजु प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के एगो आदर्स नेता के रूप में देखल गइले क चरचा–

***देश के भीतर मजबूत आर्थिक नेतृत्व और विदेशों में आत्मविश्वासी कूटनीति के चलते प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी एक स्थिर और विश्वसनीय नेता के रूप में उभरे। जब अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप के नेतृत्व में अमेरिका ने पारस्परिक शुल्क लगाए तब प्रधानमंत्री मोदी के नेशन फर्स्ट रुख ने यह स्पष्ट कर दिया कि भारत अब आसमान व्यापार समझोतों या बाहरी दबाव को स्वीकार नहीं करेगा। राष्ट्रीय सुरक्षा के क्षेत्र में प्रधानमंत्री मोदी ने आतंकवाद के खिलाफ नई नीति को स्पष्ट किया। 2025 में प्रधानमंत्री मोदी को कुल 29 वैश्विक सम्मान प्रदान किए गए। दृष्टि के साथ अक्षित कुमार वैद्यान, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

प्रदेस के तकरीबन सज्जो पूरबी जिला में घना कुहेसा अउर सितलहरी क सिलसिला जारी हौ। एकरे नाते जन–जीवन परभावित भइल हौ, जेकर असर सड़कि, रेलि अउर हवाई जतरा पर परल हौ। कुहेसा में कम दूरी ले देखाई दिहले के नाते रेलगाड़ी देरी से चलि रहलि हइनि अउर हवाई जहाजो समय से नाहीं उड़ि पा रहल हौ। मौसम विभाग अगिला तीनि दिन ले राज्य के जियादातर जिलन में घना कुहेसा क चेतावनी जारी कइले हौ अउर सितलहरी जारी रहले क पूर्वानुमान जतवले हौ।

**********